ISSN 0207-6551

# НУР

6
2022

6+



## Редакторым и псалъэ

**Гъэмахуэщ, цIыкIухэ! Фи журналми зыкъывдещI. "Нурым" фыкъеджэмэ, фытхъэнщ, фытеунщ, фIыуэ флъагъу комикс-хэм феплъынщ.**

**Гъэмахуэм и куэшI фису, "Нурыр" фи куэшI илъу а мази-щыр ефхьэкIыну!**






Аверинэ Динэ щIыгъуу

## Пщащэ пажэ

***Мамхэгъ Алия*** цIыкIу илъэсибл хъуэ аращ, ауэ и ныбжь емылъытауэ а сабийм зэфIэкIышхуэ къегъэлъагъуэри дыхуейщ щапхъэ фхуэхъуну. Алия Мэзкуу дэт 98-нэ курыт еджапIэм и япэ классыр «тху» защIэкIэ къиухащ. Абы къыдэкIуэу, хъыджэбз цIыкIур йокIуалIэ Григ Эдвард и цIэкIэ щыIэ музыкэ еджапIэм, скрипкэм зыхуигъасэу. Абдежми щохъулIэ сабий губзыгъэр. Илъэсищ зэрыхъу лъандэрэ, ар ди къэралым и гъэсакIуэ цIэрыIуэ ***Винер (Усмановэ) Иринэ*** и цIэкIэ щыIэ спорт академием макIуэ.

Иджыблагъэ Алия япэ увыпIэр къыщихьащ гимнастикэмкIэ Лужники щекIуэкIа щIымахуэ зэпеуэм. Ди адыгэ пщащэ цIыкIум абы къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIхэр къалъытэри, япэ разрядым щхьэдэхыу, етIуанэр занщIэу къыхуагъэфэщащ.

ГъэсакIуэхэр йоплъ дэтхэнэ сабийми хузэфIэкIынум икIи ахэр нэхъы-бэжым трагъэгушхуэ. Абыхэм спортым хыхьэ сабийхэр зыхудэплъей олимп





лIыхъужьхэр кърагъэблагъэ, мастер-класс ягъэлъэгъуэну. Алия цIыкIу ахэм ящIодэIу, я чэнджэщхэр къелъытэ.

«Спортым фи пщащэ цIыкIур дезыгъэхьэхар хэт?» – жытIэу Алия и анэ ***Мамхэгъ Беллэ*** *(Аброкъуэхэ япхъущ)* дыщеупщIым, абы къыджиIащ ар сабийм и адэм и фIыщIэу зэрыщытыр. ***Мамхэгъ Iэдэлбий*** каратем щехъулIэрт икIи мастер ирихъуауэ щытащ, ар IэщIагъэу къыхимыхами. И адэм хуэдэу Алия цIыкIуи къикIуэт ищIэркъым, ерыщу, емышу зыпэрыхьэ Iуэхур егъэзащIэ. Iэдэлбийрэ Беллэрэ я хъыджэбз цIыкIуищым Алия я нэхъыжьщ. Шыпхъу нэхъыщIэхэм ар я щапхъэщ, хамэ гуп хыхьэми занщIэу пашэ щохъу.

Алия дунейр и щIэщыгъуэу, сытри фIэгъэщIэгъуэну, нэIурыт цIыкIуу къохъу. Абы адрей сабийхэм къахэзыгъэщ балигъ Iуэху бгъэдыхьэкIэ иджы щыщIэдзауэ дыдолъагъу: сыт хуэдэ Iуэху пэрымыхьэми ар псоми ефIэкIыу зэрищIэным хущIокъу. Зэхьэзэхуэ нэужьхэм пщащэ Iущыцэ цIыкIур гъэсакIуэхэм ябгъэдыхьамэ, хузэфIэкIахэракъым, атIэ адэкIэ зэлэжьын хуей Iуэхухэрщ зытепсэлъыхьыр.

Мамхэгъхэ я хъыджэбз пажэм хущIыхьэгъуи тепыIэгъуи имыIэу и сыт хуэдэ махуэри зэтеухуащ. «Пэжщ, йош, ауэ итIани, ар зыми хигъэзыхьыркъым, и еджапIэхэм ящыщ гуэри IэщIыб ищIыну хуейкъым», – жеIэ Беллэ.

Алия инджылыбзэр едж, сабий радиом едэIуэну фIэфIщ, здэкIуэ еджапIэхэм къащыдэхуэкIэ, дэтхэнэ зы сабийми хуэдэу, джэгурейщ.

Алия, Iущыцэ цIыкIу! Уи ехъулIэныгъэ куэд тхьэм дигъэлъагъу, тхьэм уригъэфIакIуэ! «Нурыр» уэ пщIыгъущ.

***ХЪУЭЖЭ Жан***





*Зыдогъэщlыху*

# СУРЭТЫЩI IЭПЭIЭСЭ

Нэр зыхьэху дахагъэщ зэрагъэщIэращIэ *(Iэпэlэсэ)* гъуазджэр. Абы ирилажьэхэм а Iэщlагъэм и щэхухэр зэрагъащIэ, я гупсысэ халъхьэ, я IэрыкIхэр къагъэщI. Абыхэм ящыщщ ***Унэж Залинэ***. КъБКъУ-р, аспирантурэм «Культурологие» и къудамэр къиухауэ, иджы и диссертацэм йолэжь. Залинэ Урысейм и дизайнерхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, ди университетым ныбжьыщIэхэр щыхуегъасэ езым и Iэщlагъэм: сурэт щIыным, дыщэпскIэ хэдыкIыным, тхыпхъэ къэгупсысыным. Ди республикэм гъуазджэм теухуауэ зэпеуэ, зэхьэзэхуэ куэд къыщызэрагъэпэщ. Абыхэм Унэж Залинэ и гъэсэнхэр щIыгъуу хэтщ икIи щохъулIэ.

Ди лъэпкъыр къулейщ гъуазджэ хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ! Залинэ лэжьыгъэ куэд триухуащ адыгэ лъэпкъым и IэпщIэлъапщIагъэм, гъуазджэ IэрыкIхэм, тхыпхъэхэм. Абыхэм щэхуу яхэлъыр къепщытэ, лэжьыгъэхэр зэрегъапщэ, щIэблэр Iэщlагъэфlым хурегъаджэ.

*ЦIыкIухэ, ди журналыр Унэж Залинэ фIыуэ елъагъури, дяпэкIэ абы тхуигъэщIэрэщIа сурэтхэр флъагъунущ!*

***ГУГЪУЭТ Заремэ***





# НЫБЖЬХЭМ Я ТЕАТР

Фэ фщIэрэт блын ныбжьхэм махуэшхуэ зэраIэр? **Ар мэкъуауэгъуэм и 26-рщ.** Пшэхэм фахудэплъейуэрэ абы псэущхьэ гуэрхэр къызэрыхэвгъуатэр дощIэ, атIэ фи нэкъыфIэщI гупсысэхэм нэхъыфIыжу зэрызевгъэужьыфынури? НыбжькIэ! Дыгъэпсми жэщ уэздыгъэ пыгъэнами ядз ныбжьым деж фыуви, сурэтхэм зэритым ещхьу фи Iэхэр фщIыуэрэ теплъэгъуэхэр къахуэвгупсыс.

## Театрым хэтхэр:

Махъшэ, кхъуэ, къаз, дыгъужь, ажэ, пыл, щыхь, тхьэкIумэкIыхь, мыщэ, гуу, бжэн, хьэ, тхьэрыкъуэ, шыд, ламэ.



Зыгъэхьэзырар ***КЪАМБОТ Марианнэщ***

АБРОКЪУЭ БЕЛЛЭ

# Уэрамым дыдыхьэм, Си шыдыр къытохьэ

(Кхъухьхэмрэ гузешэхэмрэ я усэм
къыхэгъэща псалъэхэм гу лъытэ)

Зыгъазэр и мазэу
Зегъазэ шылъэгум*,
Здигъазэр сэ сщІамэ,
Схьынтису си Іэгум.

Къыхихуу щІым гъуэзыр
ЩІолъэтыр шыгу лъэгур,
Выгу гуимэм щІэщІари
Ирожэ шыгъуэгум.

Морелъ! Лъэрыгъажэр
КІэлъожэ шэрхъыгум,
МафІэгури «пыху-папщэу»
Ирожэ гъущІ гъуэгум.

Кхъухьлъатэр мэлъатэр,
Жьыху кхъухьыр псым йорсыр,
ПсыщІагъ кхъуафэжьейми
Іуэхушхуэ къылъосыр.

ГъущІ гуимэм цІыху изу
Уэрамхэм щызожэр,
Хьэпшыпхэр ярызу
Хьэлъэгухэр зэбложыр.

* Шылъэгу – черепаха.



Сур. Мэмбэт Пётр



Жьыхулъатэ – вертолёт



Кхъухьлъатэ – самолёт



Кхъухь – корабль

Жып псалъалъэ

## КХЪУХЬХЭР, ГУЗЕШЭХЭР

Гузешэу а къомым
Ерыщыр къахощыр,
УкIытэ зымыщIэр
ЕмыкIуу къыщIощыр!

Гъуэгукум инауэ
Си шыдыр схутекIкъым,
Сэ си щхьэр щIэсIуауэ
Шыдыгум сахуикIкъым.

...Си шыдым зыщIыпIи
Сишэну сыхуейкъым!
Нэхъыфlщ сэ шылъэгур
Къесхьэкlыу сызекIуэм.





Кхъуафэжьей – лодка,
псыщIагъ кхъуафэжьей –
подводная лодка



Жьыху кхъухь –
парусник



МафIэгу – поезд,
паровоз



ГъущIыгу –
легковая машина

# Гъуэгу хабзэхэр дощIэ!

1



Гъуэгум кусэхэр иратхъэ,
ДызэпрагъэкIыну.

2



АткIи-мыткIи доплъэ занщIэу,
Ди пIэм дэ димыкIыу.

3



Къэсыпамэ гъущI машинэр –
Гъуэгур лъыдогъэсыр.





4



Нэху удзыфэр къыщIэнамэ,
Лъэсхэр япэ дощыр.

5



Гъуэгубгъу дыдэм дыувамэ,
ФIей дыхъунущ, дощIэр,



ГъущI гуимэ – общественный транспорт



Хьэлъэгу, хьэлъэзешэ – грузовая машина



Лъакъуэрыгъажэ – велосипед



Шэрхъыгу – мотоцикл

**6**




Трамвай гупэмкIи дыблэкI
Зэрыхъунур дощIэр.

**7**



Темылъадэ гъуэгум зэи
Ди лъакъуэрыгъажэр.

**8**



ЗэпрыкIыпIэм и кум дитщ –
Къэсыпащ гъущIыгур!
Ди пIэм зэи дэ димыкI –
ГъущIыр япэ йощыр.

**9**



Телефоным деплъу дэ
Гъуэгум дытемыхьэ.

**10**



Гъуэгум диту дымыджэгу,
Ар мытоп джэгупIэ!

## Фысакъ!







Зыгъэхьэзырар ***АБРОКЪУЭ Беллэщ***



Выгу – арба



Шыгу – телега



Шыдыгу – бричка



Выгу зэщIэщIа-повозка

*Жып псалъалъэр зыгъэхьэзырар* ***ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ***







## "ХЬЭКIЭКХЪУЭКIЭХЭМ Я КЪАЛЭ" псысэм хэт тхьэкIумэкIыхьым и сурэт дощI





# ПСЫСЭВПДЪ



***Нур цIыкIухэ, фи зыгъэпсэхугъуэ мазищымкIэ дывохъуэхъу! Фыхэхъуэ, фытхъэ, вгъахъэ! Фи нэхъыжьхэри фэри фызэплъын мультфильм хьэлэмэтхэр зэхуэтхьэсащ. Абыхэм IуэхуфIхэм ухуауущий, урагъаджэ, уагъасэ, утрагъэу.***

1. **ХьэкIэкхъуэкIэхэм я къалэ (Зверополис).** ХьэкIэкхъуэкIэхэм я дунейр гъэщIэгъуэнщ. Лей къызытехьэу щыIэр хэт? ТхьэкIумэкIыхьырщ. Ар хабзэхъумэ мэхъу! Феплъ. *(Реж. Байрон Ховард, Рич Мур, Джаред Буш, 2016-нэ гъэ.)*
2. **Лука.** Хы щIагъым щыпсэу щIалэ цIыкIум щIылъэм тет сабийхэр къелъагъури абыхэм я гъащIэм йохъуапсэ. КъехъулIэну пIэрэ абы щIылъэ дунейр?.. *(Реж. Энрико Касароса, 2021-нэ гъэ.)*
3. **Солмэн пащтыхьымрэ бжьэмрэ (Царь Соломон и пчела).** Бжьэ цIыкIум и шэрэзыр пащтыхь жейм и пэм хиукIэри, мобы ар къыщиубыдым, шынэжауэ мыр жриIащ: «Апхуэдизкlэ уи пэр дахэти, удз гъэгъам хэзгъэгъуэщащ. СыутIыпщыж, сэ сэбэп сыпхуэхъужынщ». ИутIыпщыжа? Ар зи цIыкIуагъыр пащтыхьышхуэм сэбэп хуэхъуфыну пIэрэт? УпщIэхэм я жэуапыр къэфщIэну фыхуеймэ, мы журт псысэ цIыкIум феплъ. *(Реж. Ноам Мешулам, Дана Шамир, 2004-нэ гъэ.)*
4. **НэкъыфIэщIхэм ядыгъуахэр (Унесённые призраками).** Аниме-псысэхэм хуэIэзэ япон тхакIуэм и лэжьыгъэхэр дахэщ, гъэщIэгъуэнщ, нэри псэри ягъэгуфIэ. Ахэр зытеухуар занщIэу къыбгурыIуэркъым, щхьэж зыхуейр къыхегъуатэ икIи щIэрыщIэу йоплъыж. Фэ фигу ирихьыну пIэрэ? *(Реж. Хаяо Миядзаки, 2001-нэ гъэ.)*
5. **ЦIыкIужьей Пэшхуэ (Карлик Нос).** Уд фызыжьым и мурад Iейхэр къехъулIэн папщIэ гу къабзэ зиIэ сабий хуейт. ЯкобкIэ зэджэ щIалэ цIыкIум абы и Iуэху фIейхэм хэтын щимыдэм, удыр егъри абы и теплъэр ихъуэжащ. *(Реж. Илья Максимов, 2003-нэ гъэ.)*
6. **ИщхьэмкIэ (Вверх).** Карл и щхьэгъусэр фIэкIуэдащ, адэкIэ къигъащIэр фIэIэфIыжкъым. Зэгуэр ар къызэригъэгугъар игу къокIыжри игъэзэщIэну яужь йохьэ. *(Реж. Пит Доктер, Боб Питерсон, 2009-нэ гъэ.)*
7. **ВАЛЛ-И.** ЩIыуэпсыр нэщI хъуащ, цIыхуи, удзи, хьэкIэкхъуэкIи щымыIэжу. ДэнэкIэ уплъэми – фIейщ, зэхэтхъуащ. ВАЛЛ-И-кIэ зэджэ, фIей Iузых робот закъуэрщ дунейм къытенар. Ар сыту пIэрэ зыхуэзэшыр? КъафщIэ. *(Реж. Эндрю Стэнтон, 2008 гъэ.)*



***КЪАШЫРГЪЭ Фатимэ***



# Шульте и таблицэхэр

Шульте и таблицэхэр сабийми балигъми яфlэфlщ. Тхылъымпlэ lувым къыхагъэж, зыхуей гугъуагъыр иlэу зэхалъхьэри куэдым къыздрахьэкl. Абыхэм уриджэгумэ, гурыхуэ, нэ жан уащl, уи бгъунжырыплъэм *(периферическое зрение)* зрагъэужь, псынщlэу убжэфуи уеджэфуи уагъасэ.

Таблицэ цlыкlур зыхуэгъэзар илъэси 3–7 хъухэрщ. Абы сабийр секунди 10 хуэдизкlэ ирагъэплъ, абы ит бжыгъэхэр здэщыт щlыпlэхэр игу ириубыдэфын хуэдэу. Итlанэ таблицэр къыlэщlах, а илъэгъуар игу щигъэбыдэу тэлайкlэ ягъэгупсысэ, аргуэру иратыж. Иджы сабийм и нэр абы ику дыдэм ит хъурейм *(щхъуантlэм)* къытримыхыу еплъурэ бжыгъэхэр зэрызэкlэлъыкlуэр нэбгъуз защlэкlэ къилъагъуфын хуейщ. Ахэр къэрэндащкlэ къыхигъэщурэ дэбжеинущ.

Таблицэм и нэрынэхэм ирегъэувэ щхьэж зыхуейр: бжыгъэ, плъыфэ, хьэрф. Ахэр нэхъ ин ящlу зэхалъхьэурэ и гугъуагъым хагъахъуэ. Хэти тlу хъууэ мэджэгу – зыр дэбжейуэ, адрейр къебжыхыу.

Мы таблицэхэр щlэх-щlэхыурэ къэзыгъэсэбэпхэм ящlэ:

- шыlэныгъэ яхэлъырэ яхэмылъырэ;
- гулъытэ яlэрэ ямыlэрэ;
- хэгупсысыхьрейрэ тегупсысыкlрейрэ;
- зыхуейм нэкlэ псынщlэу лъыхъуэфрэ мылъыхъуэфрэ.

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | 10 | 8 | 4 |
| 7 | 5 | 16 | 12 |
| 13 | 11 | 3 | 15 |
| 2 | 6 | 14 | 9 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 31 | 26 | 4 | 41 | 14 | 8 | 23 |
| 17 | 38 | 44 | 47 | 16 | 40 | 35 |
| 22 | 6 | 12 | 37 | 29 | 21 | 42 |
| 33 | 19 | 46 | ПЕ | 9 | 1 | 18 |
| 10 | 27 | 39 | 24 | 3 | 32 | 45 |
| 28 | 15 | 2 | 11 | 36 | 25 | 7 |
| 5 | 43 | 34 | 48 | 20 | 30 | 13 |

Зыгъэхьэзырар *ХЪУЭКIУЭН Фатимэщ*


Мысачэ Мурат
ВАГЪУЭ
ТеплъэрыIуатэ (комикс)
ЛIыгъур щакIуэ ныбжьыщIэт. Зэгуэрым ар уафэм дэплъейри вагъуэ телъыджэ къилъэгъуащ. Ар апхуэдизкIэ хъуэпсэгъуэу лыдти, щакIуэр куэдрэ гупсысакъым, шабзэшэр тригъапсэри…
– Сытехуауэра?! Iэгъу, дауэ хъунт! Ар дыщэ кIанэмэ-щэ? Сеплъынти…
Нэсмэ – ЛIыгъур къелъагъу нурыр къызыщхьэщих пщащэ тхьэIухудым и дамэр зэриуIар.
– УIэгъэ усщIащ, къысхуэгъэгъу. Вагъуэхэм псэ яхэту сщIакъым… сэ си гугъащ ахэр мыщIэ лыду.
– Пхуэзгъэгъуащ, ЛIыгъур, ауэ, кхъыIэ, си дамэр кIыжыху цIыхунэ къыстумыгъаплъэ. СыбгъэпщкIун?


ЛIыгъур мэзым пщыIэ щищIри вагъуэ пщащэр щIигъэтIысхьащ, и дамэми еIэзэу хуежьащ.
– Уи фIыгъэкIэ сыхъужащ, ауэ иджы сэ сымылъэтэжу хъунукъым. Мы щIылъэр сэ си псэупIэкъым.
– Тхьэм уигъэузыншэ, ЛIыгъур. Сэ сыкъыумылъыхъуэ, сыбгъуэтынукъым.
– Iэу, сыт мы жыпIэр! Сэ уэ сыногуэкIуащ, уэрыншэу сыпсэужыфынукъым!
ЛIыгъур я къуажэм кIуэжащ и гур ехуэхауэ. Ар нэщхъейт, щхьэщIэгупсыс хъуат, зэрыцIыкIурэ ицIыхуа и къэшэн пщащэми хуеижтэкъым.
– Сыт уи лажьэр, ЛIыгъур? Е умыгушыIэж, е уэрэд жумыIэ, е умыгуфIэ. Усымаджэ?
– Хьэуэ, Хьэцацэ. Уэ зыри къысхуэпщIэфынукъым. Сэ фIыуэ услъагъужкъым.


– Уэ ухъыджэбзыфIщи щхьэгъусэфIи бгъуэтынущ, ауэ… кхъыIэ, уи жагъуэ умыщI, сэ си гум унафэ зыхузигъэщIынукъым.
– Си гум уеуащ... Уэ насыпыфIэ ухъунукъым!
ЛIыгъур ежьэжа щхьэкIэ, е здэкIуэнур имыщIэ, е уафэм зэрыдэкIуеин Iэмал имыIэ. Ар мэгупсысэ.
– Уэ, ди анэ, куэд щIауэ дунейм утетщ. Уафэм сызэрыдэкIуеин гъуэгур пщIэуэ пIэрэ?
– Уи зэманыр къэсмэ, дэIэпыкъуэгъуншэу удэкIуеинщ…
– Ар дауэ хъунт, зыми гъуэгур имыцIыхуу?!
– ШейтIаным еупщI. Абы псори ещIэр. Хьэ-хьэ-хьааа!
КъыкIэлъыкIуэнущ














**"Нурым" и етІуанэ илъэс ныкъуэм Іэ тевдзэ**

Абонемент на ☐ Газету ☒ Журнал

7 3 9 1 2 (Индекс издания)

Наименование издания «НУР» Кол-во 2

На 20 22 г. по месяцам:

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | X | X | X | X | X | X |

Кому Ногмову Алиму

ФИО, наименование юридического лица

Куда г. Нальчик, ул. Шогенцукова, 20, кв. 19

Мы QR-кодым уи телефоным и камерэр теъапсэ, «Нурым» и интернет-напэкІуэцІым ихьэ, къызэІуих лэжыгъэхэр гъэзащІэ.



*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
**№ 6 2022 г.**

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

Главный редактор
*Б. М. АБРОКОВА*

Редактор
*М. КАМБОТОВА*

Художественный редактор
*М. ХАПИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КАШИРГОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати
30.05. 2022 г.
Выход в свет 23.06. 2022 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak, DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1421 экз.
Заказ №1148
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.